



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI MIZE TIMOUN NAN PAK ETA SARATOGA SPA A

*Mize 16,000 pye kare a ofri ekspozisyon kaptivan ak pwogram entè-aktif pou timoun tout laj*

*Mize a soufle nouvo lavi nan yon moniman istorik ak yon etablisman modèn ki elaji opsyon pou jèn fanmi yo nan 'Pak Atistik la'*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo ouvèti Mize Timoun nan Saratoga apre yon pwojè renovasyon 3.1 milyon dola pou relokalizasyon Mize a nan Lincoln Bathhouse istorik sou Broadway nan Pak Eta Saratoga Spa (Saratoga Spa State Park). Etablisman 16,000 pye kare ki totalman aksesib la se premye gwo operasyon ki ouvè pou piblik la nan Lincoln Bathhouse depi ane 1990 yo. Pwojè a, ki sipòte pa yon sibvansyon 600,000 dola Empire State Development, ansanm ak lòt sibvansyon piblik ak don prive, rantre nan yon lis patenarya piblik-prive k ap grandi nan pak la ki fòme inisyativ Pak Atistik (Park of the Arts) la.

"Ouvèti Mize Timoun yo ajoute yon lòt gwo atraksyon nan lis patnè k ap grandi nou yo nan bèl anvwonman natirèl Pak Eta Saratoga Spa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Pak Atistik la pral kontinye defini Saratoga Springs kòm yon destinasyon pandan tout ane a pou pwogram atistik klas mondyal, epi pwojè sa a make yon etap enpòtan nan efò nou pou retabli ak re-aktif estrikti Moniman Istorik Nasyonal (National Historic Landmark) atravè pak la."

Okipe twa nan zèl beny orijinal yo, Mize Timoun yo prezante ekspozisyon ki rebati ak renove, plis yon nouvo ekspozisyon STEM kote vizitè yo ka fè eksperyans ak aprann ak aktivite pratik. Yon boutik fiktif gen ladann yon rejis ak yon eskanè ki konplètman fonksyonèl, pandan ekran entèaktif estasyon ponpye a pèmèt envite yo etenn yon dife vityèl. Timoun yo ka keyi legim nan ekspozisyon fèm nan, anrejistre yon nouvo segman nan estasyon nouvo mize a, oswa pran krèm glase epi aprann kijan li fèt nan salon krèm lan. Bati ak konsepsyon aksè inivèsèl, mize a gen tou yon chanm apezan ki bay espas trankil pou dekonprese ak eleman taktil apezan.

**Direktè Egzekitif Mize Timoun lan, Sarah Smith, te deklare,** "Nou trè rekonesan anè Gouvènè a, Empire State Development, ansanm ak lòt sipòtè prive ak piblik nou

yo pou tout travay di ki te fèt nan pwojè sa a. Nan kè misyon nou an nou jwenn kreyasyon espas ki enspire kiryozi, pwovoke imajinasyon, epi nourri dekouvèt. Epi nou panse ke nouvo espas sa a, ak kapasite li pou rive jwenn plis timoun nan tout nivo devlopman, ak fanmi yo, ede ankouraje objektif sa a. Nou pa ka tann pou nou akeyi tout moun nan Mize a pandan y ap vizite Saratoga ete sa a."

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Mwen kontan akeyi Mize Timoun lan nan Lincoln Bathhouse istorik la nan Pak Eta Saratoga Spa. Mize Timoun yo pral pote nouvo aktivite nan pak la epi bati sou seri patnè nan nou yo nan 'Pak Atistik la' ki ofri anpil fason pou detann, jwi aktivite deyò a, oswa plonje nan òf atistik inik ak kiltirèl."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Mize Timoun lan nan nouvo lokal Saratoga a ajoute yon lòt atraksyon inik nan Pak Eta Saratoga Spa ki pral akeyi rezidan yo ak vizitè yo tou. Atravè re-itolizasyon espas adaptif ki nan Lincoln Bathhouse istorik la, mize a ka antre nan yon nouvo epòk mèvèy kaptivan ak antouzyas pou aprann, epi nou fyè pou sipòte pwojè sa a."

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Nouvo Mize Timoun nan istorik Lincoln Bathhouse nan Saratoga Spa State Park ofri fanmi yo yon lòt gwo rezon pou yo eksplòre Rejyon Kapital la pandan pwochen vwayaj yo nan Eta New York. Soti nan mize kaptivan ak sit istorik fasinan rive nan avanti deyò, rezidan yo ak vizitè yo tou ka vin fè pati li epi jwenn sa yo renmen pandan tout ane a."

Fonde an 1990 pa paran ak edikatè kominote a, Mize Timoun nan Saratoga dedye pou kreye yon kominote entè-aktif ki enspire kiryozi, pwovoke imajinasyon ak nourri dekouvèt. Mize a pran angajman pou ankouraje patisipasyon paran aktif nan aprantisaj timoun yo, pou sèvi kòm yon resous pou distri lekòl yo nan zòn nan, epi asire ke pwogram ak sèvis li yo aksesib ak tout timoun. Mize pou Timoun yo te fè yon patenarya fòmèlman ak Mize Syans ak Teknoloji pou Timoun yo (nan Rensselaer Tech Park) pou ede asire avni misyon yo ak pwogramasyon yo, epi ansanm yo reprezante 100 ane eksperyans nan bay aprantisaj inovan epi pratik pou timoun yo nan tout Rejyon Kapital la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Mize Timoun yo, vizite [www.cmssny.org](http://www.cmssny.org).

**Senatè Eta a, Daphne Jordan te deklare,** "Re-itolize Lincoln Bathhouse nan Pak Eta Saratoga Spa pou loje nouvo Mize Timoun yo non sèlman bay lavi ak yon bilding istorik, men tou bay yon espas ki elaji anpil nan mize a pou nouvo ekspozisyon entè-aktif ak plis aktivite pratik ki asireman pral bay timoun yo ak paran yo plezi. Pwojè sa a bay vizitè yo ak rezidan Rejyon Kapital yo yon lòt rezon atiran pou yo vin nan 'Pak Atistik la' ak nan Saratoga Springs."

**Manm Asanble Carrie Woerner te deklare,** "Mize Timoun yo nan Saratoga ak Mize Syans ak Teknoloji pou Timoun yo te bay timoun yo espas pou yo eksplòre, aprann, jwe ak fè eksperyans mond lan pandan plis pase 100 ane. Tou de mize yo te grandi yon fason òganik depi nan kòmansman modès e yo te devlope paske yo te reponn ak

patipasyon antouzyas jenerasyon timoun yo. Felisasyon pou Mize a ak pou timoun yo, paran, ak vizite ki gen tout laj ki pral benefisye prevwayans ak travay di konsèy administrasyon an, anplwaye mize a, donatè ak volontè kominotè yo, ak antite eta yo ki te mennen bèl vizyon mize sa a nan pak la vin pran nesans."

**Majistra Saratoga Springs lan, Ron Kim, te deklare,** "Mize Timoun yo se youn nan pi gwo atraksyon pandan plizyè ane anba lavil nou an, rezidan yo ak vizite yo renmen. Kounye a, ak ekspansyon sa a nan bèl Pak Eta a, Mize Timoun yo ka akeyi plis vizite menm, edike yon nouvo jenerasyon nan yon atmosfè amizan ak fètif."

Lincoln Bathhouse ki gen estil Boza Newoklasik la, ki te fini an 1930, se yon eleman kle nan achitekti diferan nan pak la, epi li sou lis Rejis Nasyonal Plas Istorik (National Register of Historic Places) yo. Yo te sispann ofri beny piblik nan etablisman sa a nan ane 1990 yo. Pandan ke kèk nan 60,000 pye kare estrikti a te konvèti an Tribinal Eta a ak yon katye jeneral pou Polis Pak rejyonal la, anpil nan bilding lan te tann yon nouvo itilizasyon. Ouvèti Mize Timoun yo make restorasyon pwogram piblik pandan tout ane a. Lincoln Bathhouse kounye a ebèje Mache Fèmje jou Dimanch nan Vil Spa a tou. Pwochen faz devlopman yo pral gen ladan restorasyon total fasad bilding lan ak devlopman nouvo espas biwo pou administrasyon pak la ak sèvis vizite yo.

Kanpay Pak Atistik piblik-prive a anvizaje Pak Eta Saratoga Spa kòm yon destinasyon mondyal inik pou prezantasyon, pwogramasyon ak aprantisaj atistik milti-disiplinè atravè re-itilizasyon adaptif estrikti Moniman Nasyonal Istorik la, nan yon anviwònman natirèl espektakilè ki mezire 911 ekta. Atravè kolaborasyon ak òganizasyon kiltirèl ak edikatif yo, antrepriz lwazi, ak biznis prive, Eta New York ap kreye yon destinasyon pou aktivite touristik atistik ak kiltirèl inik nan youn nan pak prensipal Eta New York.

Pak Eta Saratoga Spa a akeyi aktyèlman yon estimasyon twa milyon vizite chak ane. Anplis Saratoga Performing Arts Center ki rekoni sou plan nasyonal la, SPAC School of the Arts, Mize Nasyonal Dans, Mize Otomobil Saratoga, Gideon Putnam Resort and Roosevelt Baths and Spa, ak Mache Agrikòl Spa City, Pak Eta Saratoga Spa ofri divès enstalasyon rekreatif ak kiltirèl ki enkli teren gòlf, teren tenis an tè, yon sant edikatif nan lanati, Teyat the Spa Little, kafe ak restoran, ak plizyè kilomèt santye pou mache, kouri, ak monte bisiklèt, tout sitiye nan peyizaj achitekti Moniman Istorik Nasyonal ak 971 ekta divès abita natirèl.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite <https://www.parks.ny.gov>, telechaje [aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer](#) a oswa rele 518.474.0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418